

Ki Kalite Swen Medikal Ki Disponib Lè Yon Moun Malad oswa Blese?



Li gendwa pa toujou klè kote pou w ale pou swen medikal lè oumenm oswa pitit ou malad oswa blese.

Pou ijans, rele 9-1-1. Men kèlke egzanp pou ede w deside si w ta dwe ale nan yon sant swen ijan, on lopital, oswa nan klinik yon doktè pou asistans.

Sant Swen Ijan

- Sant swen ijan gendwa kapab ede w lè w pa genyen oswa pa kapab wè doktè regilye w. Genyen kèk ki ouvri pandan lannwit ak wikenn. Anjeneral ou pa bezwen randevou pou w ale la. Yo gendwa ede w ak bagay tankou:
 - Sentòm lejè tankou tous, fyèv, gòj fèmèl, kè plen/vomisman, zòrèy fèmèl, tèt fèmèl
 - Iritasyon modere, ti blese, lè bèt pike w, oswa boule lejè
 - Frakti tankou antòch nan zo ak dechiri nan mis
 - Reyaksyon alèji lejè

Depatman / Sal (ED / ER) Ijans Lopital

- Depatman ijans lopital ouvè 24 è pa jou, chak jou. Ou pa bezwen randevou pou w ale ladan yo, men pafwa w oblije tann lontan. Depatman ijans se pou maladi ak blese grav. Ale la si w genyen sentòm tankou:
 - Doulè nan lestomak oswa difikilte pou respire
 - Zo kase oswa nenpòt frakti nan tèt, kou, oswa zye
 - Feblès, ensansiblite, oswa pa kapab pale klè
 - Bay anpil san oswa vomisman/touse san
 - Anpwazònman oswa reyaksyon alèjik grav
 - Blese ak boule modere oswa grav
 - Pèdi konesans
 - Tranche

Klinik Doktè / Vizit Vityèl

- Si w genyen yon doktè (pa egzanp, yon doktè swen prensipal, obstetrisyen, oswa pedyat timoun), yo gendwa gen randevou pandan lè nòmal yo (anjeneral 9è a.m. - 5è p.m. lendi - vandredi). Yo gendwa ede w ak bagay tankou:
 - Tchèkòp pou ede w fè prevansyon maladi oswa swen pou pwoblèm medikal k ap kontinye
 - Sentòm lejè tankou tous, fyèv, gòj fèmèl, kè plen/vomisman, zòrèy fèmèl, tèt fèmèl
 - Kesyon medikal oswa egzekisyon preskripsyon
 - Vaksen oswa tès san